# VaEfeso

## Zvitsauko 1 - 6 netsananguro

### TSIKA YEKUVERENGA BHAIBHERI

*Tsanga yegorosi haimbofi yakagara iri yega.*




**Ichitsigirwa naArchbishop Desmond Tutu**

**Rakaturikirwa naShelton Mudyaro**

Yakashandurirwa kubva muchinyorwa chepakutanga uye yakatsananguruwa mumutauro wemazuva ano netsananguro.

**Francois du Toit PhD**

## CHIONI – ONI

*Shoko remuchioni – oni* ishoko rinoturikirwa kubva mumagwaro eGiriki epamavambo. Pachitevedzerwa zvirevo zvemagwaro emavambo, mitsara yakaumbwa nezvirevo zvikuru zvokuti inodarikira nokutsinhirwa nemamwe magwaro.

Mamwe magwaro okujekesa akanyorwa namavara akaita kutsveyama.Zvinova tsanangudzo pane kungova zvinyorwa zveturukiro chete.Panguva iyo zvirevo zvemashoko eGiriki akadzidzwa zvine hudzamu, izvi zvinoitwa nekuongorora zvikamu zvose mukati metsamba dzacho, zvakare tichiziva mupfungwa dzedu zvireze nezvaJesu pamwe nebasa rake rakapera, iro rinova shoko rakatakurwa neBhaibheri

Kubatsira muverengi mudzidzo yake, Ndakanyora namanhamba mashoko eGiriki pamwe nechirevo chawo chechingezi chiri pedyo neshoko racho nemashoko matete akarereka anotevera shoko iroro.Zvinoitwa kuti pave neyanzaniso pakati pemashoko ari pamitauro miviri.

Ndakaturikira tsamba dzakasiyana dzaPauro makore makumi maviri nemashanu adarika anodanwa kuti maRauch.Muna 2006 Ndakatanga kunyora nezve shoko reMuchioni – oni.Zvino ibasa riri kudarika mberi zvakare richasanganisira Testamende Idzva yose nezvimwe zvikamu zveTestamende Yakare.

Mabhuku ane zvikamu akapera panguva yaNdira 2019 anova:

Vhangeri raJohani , VaRoma, I VaKorinde,
2 VaKorinde, VaGaratia, VaEfeso, VaFiripi,
VaKorose, 1 VaTesaronika,
2 Timotio, Tito, VaHebheru, Jakobho, 1 Johani 1-5,
1 Petro 1,2, 2 Petro 1 , Zvakazarurwa



Kutarira kune kutirikirwa kwese kwemagwaro kunopa mumwe munhu mukana wekunzwa izwi reMusiki wedu nepfungwa, rakamiminwa budikidze nekuturukirwa nemutauro wemuturukiri.

Mutsanangudzo ino yakavandudzwa, Francois Du Toit akazazura dzitiro kuvaverengi vemazera ose, tsika kana mutauro kuti vafadzwe nemaono ekurova kwemwoyo worudo – apo munhu wese anonzwa achidiwa zvimwe chete, wakasanganisirwa nekukosheswa mumeso aBaba – wakadzikinurwa zvizere muhumwe hwatinobva kwauri! Shoko Romuchioni rinotaura chokwadi chokuti vanhu havana kubva mudumbu ranamai vao; takabva nekuva pfungwa dzaMwari!

Kuva nebasa rakadai mumutauro weXhosa kuchava chiitiko chitsva kune vechidiki nevakura kuti vaone Bhaibheri zvakare nekuvandudzwa.

*Archbishop **DESMOND TUTU** – Legacy Foundation*

Bhaibheri Romuchioni rinova tsanagudzo inoshandura yakareruka, chaiyo, yakazara zvakare inonzwisisika, rinofadza panguva imwe chete rinoburitsa chakavanzika chezaruro yomweya; rinoratidza zvedenga zvakare zvenguva ino.

Rinofanira kuverengwa, kutungamira zvakafanira zvakare murairo wemazera ose; pakudzidza Bhaibheri, kudzamirwa, kuzvipira, kunamata kudzidzisa kuraira pamwe nekudzidza.

Jesu Kristu ndivo mwongo wechinyorwa chose.

Vatendi havarasikirwe nemwongo wekuturukirwa sezvo paine kuratidzwa zvakare kureruka pakunyorwa kunoratidzwa kuzaruro zvakare Kristu vanodzikunura.

Vasingatendi vanoona kunyaradzwa kubva mumagwaro apo vanobatwa nechokwadi zvakare kuva pedyo kwaKristu.

Kuno ndiko kuturukirwa kunopa hupenyu zvakare shanduko.Ndinogutsikana zvine kuninipiswa kwekuti Francois wakasarudzwa naMwari kushumira nguva ino neinotevera nechokwadi chisina kusanganiswa pakati pokusanzwisisa kuzvidzora kwenyika, zvimwe zvidzidzo pamwe nekuturikirwa kwedzidzo dzetsika zvakare kuita(chitendero) kwakabvisa vanhu kubva muchokwadi.

Bhaibheri Remuchioni -oni izaruro inogamuchirwa zvakare budiriro yakarairwa nedenga, kurudzirwa zvakare kurairwa.Kuturukirwa kuno pasina kuramba kunova nhandare yekurudziro inotsanangudza nyika yedu.Kubwinya kuna Mwari.

***Rev.Anouya Andrew Muchechetere,*** *MBA, MA and former General secretary of general of Evangelical Fellowship of Zimbabwe ( EFZ)*

Mukutsanangudza kwekudetemba Pauro anopenengura shoko rechakavanzika chaKristu mukumirira kwake vanhu. Anoratidza kuzvipira pamunamato pamwe nechido chokuti vanhu vose vaone kubatanidzwa kwavo kuzere muna Kristu. Mwari vakationa muna Kristu vasati varasikirwa nesu muna Adhamu.

**1:10** Mumamiriro akabatana ekuzara kwenguva, zvinhu zvose zvinogumira muna Kristu, zvose zviri kudenga nezvose zviri panyika zvinoyananiswa maari.

Anoona denga kwete sechinhu chokutarisira chatinoshandira kuti tiwane, asi kukwaniswa kwakatoitwa naMwari kwatiri nemaropafadzo edenga muna Kristu. Apa ndipo pamavambo edu! Takamutswa pamwe naKristu uye tinogara naye muchadenga kubvira pakutanga! Kare kare Mwari vazvitenda, takanga taitwa vapenyu pamwe naKristu; "Ndinoshuva kuti uzive nechizaruro izvo zvavakaziva pamusoro pako kubva kare ! Ndinonamata kuti pfungwa dzako dzizadzwe nechiedza pamwe nemuono une kurudziro!"

**2:10** Takagadzirwa nekuita kwavo, vakatiumba pamwe nekutivamba muna Kristu . Tiri mabasa avo, nhetembo yavo. Takakwana kuti tiite zvakanaka, takagadzirwa kuti tipe huchapupu hwekufara kwake nesu muzvose zvatinoita.

**3:4** Mukuverenga mashoko aya uchaona maonero angu chakavanzika chaKristu.

**3:20** Tinopembera nezvake iye anotivandudza zvine simba kubva mukati. Chikumbiro chedu chikuru kana kuti chiroto chinofadza hachikwanise kuenzana nepfungwa dzake pamusoro pedu.

**4:7** Chipo chaKristu chinopa udzamu kunyasha uye chinotsanangura kukosha kwedu.

**4:23** Vandudzwa mukatikati mepfungwa dzako! Zvinoita kuti urongeke patsva maringe nemafungiro aunoita pamusoro pezvauri.!

**4:15** Rudo runoita kuti chokwadi chive nezwi. Hurukuro inounzwa nechokwadi inogadzira nzvimbo yokuti pave nekukura kusina mubvunzo panguva imwe chete. Munhu azere anoonekwa muna Kristu anova iye musoro womuviri; ndiye mhedzisiro yokutaura kwaMwari nomunhu.

**4:16** Kwavari ndiko kune mavambo ezvatiri semashoko akabatana sedetembo, sezvaari mamwe pamusoro pemamwe pane humwe chete, zvichitevera mutinhimira wepfungwa dzavo sematsimba. Zvakadaro zvazvo, muviri unova neupenyunesimba rorudo. Shoko rimwe nerimwe rinozadziswa zvakakwana ipapo.

**4:21** Hazvikwanisike kudzidza Kristu neimwe nzira, ndiye akava nyama, munzwe achirarama

mauri! Chokwadi pamusoro pezvauri chinobva muna Jesu .

Havana kuuya nemimwe mitemo yepasipasi; havasi muenzaniso kwatiri asi ndivo zvatiri!

**5:14** Iri ndiro shoko rechiedza, Kristu anokumutsa kubva mumavato ako pamwe nokumutsa kubva mumuteyo werufu wokutapwa mumafungiro ako.

**1:1 Pauro, akadanwa kubasa nesarudzo inofadza yaMwari uye akatumwa kuti amirire Jesu Kristu kuvatendi vemuEfesasi, uyewo nokumutendi wose muna Kristu Jesu,**

**1:2 ndinokukwazisai nenyasha norugare runobva kuna Mwari Baba pamwe naIshe Jesu Kristu.**

**1:3 Ngatipembererei Mwari! Akatipa maropafadzo ose okudenga muna Kristu!**

**1:4 Akatibatanidza muna Kristu [1]nyika isati yawa! Jesu ndiye pfungwa dzaMwari pamusoro pedu! Akagara aziva kare murudo rwake kuti aizotimisazve [2]tigotarisana naye pasina kupomerwa.** *(Zvaizokonzerwa nekuwa zvakadzimwa. Pauro anoshandisa shoko rokuti, [1]k**atabalo**, rinoreva "kuwira pasi, kuisa panzvimbo yepasi" pane kuti **themelios**, rinoreva "hwaro" tarisa 2:20] naizvozvo, zvakaturikirwa zvichinzi "kuwa kwenyika", pane kuti "hwaro hwenyika", sezviri mune kumwe kuturukirwa. Mwari vakatiwana muna Kristu vasati vatishaya muna Adhamu! Tinomiswa pamberi pake pasina kupomerwa mhosva! Shoko rokuti [2]**Katenopion,** rinoreva kuti kuva pedyo kutarisana!)*

**1:5 Ndiye muvambi wezvatiri; chiroto chemwoyo wake chakaita kuti [1]kuyaruka kwedu muna Kristu kuvepo.** *(Kuitwa mwana pano hakusi kwatinoziva mukurarama kwedu, kuyaruka, sezvinoitwa muBarmitsva yevaJudha. Tarisa VaGaratia 4: 1 – 6,*

*"….zvakare kusimbisa kuva vana kwedu Mweya wemwanakomana unoita mawungira okuti Abha Baba mumwoyo yedu . Izvi ndizvo [1]**huiothesia** .*

**1:6 Hurongwa hwake hwenyasha hunopembererwa: akatida zvikuru zvakare akatiitira tsvete muna Kristu. Rudo rwake kuMwanakomana wake ndirwo rudo rwake kwatiri.**

**1:7 Zvino zvatakava** *(vakamiririrwa zvizere)* **maari, ropa rake ndiro rakava muripo unosimbisa dzikinuro yedu. Kutiregera zvivi zvedu ndiwo mupimo wepfuma yenyasha dzake.**

**1:8 Nyasha dzakaratidzwa kwatiri dzinotaura zivo pamwe nokuratidza kukosha kwedu kunodarika tsanangudzo dzose.**

**1:9 Chakavanzika chakabuda! Chiroto chavo cherudo zvino chinoonekwa nameso edu chaiwo.**

**1:10 Mumamiriro akabatana [1]ekuzara kwenguva, zvinhu zvose zvinogumira muna Kristu, zvose zviri kudenga nezvose zviri panyika zvinoyananiswa maari!** *(Shoko rinoti, [1]**oikonomia**, rinoreva kutungamira. "Nhoroondo yose yomunhu inova muna Kristu zvinhu zvose zvinovapo kudenga napanyika zvichawana kukwana pamwe nokuzadziswa maari!" – Phillips "Zvose zviri kudenga, zvose zviri panyika, zvakava maari! " – Knox)*

**1:11 Zvino ndiwo makwaniro atinoita mumufananidzo waMwari: Kristu ndiye mupimo wechikamu chedu, tiri maari, takaunzwa pamwe nokutsanangurwa maari. Mwari zvavari zvinooneka matiri. Zvose zvavanoita zvinosundwa nesimba rokuita kwavo.** *(Tarisa VaRoma 8 :29, "Vakatigadzira kubva pokutanga kuti tikwane mukuva vana pamwe nokufanana nokuumbwa kwake. Tinoona mavambo ohupenyu hwedu akachengetwa muMwanakomana wake; ndiye dangwe kubva muchibereko chinoratidza mavambo edu: Anosimbisa kuti tiri zvisikwa zvaMwari .")*

**1:12 Kwaiva kugonerwa kwedu** (*savaJudha*) **kuti tifarire tariro yaMesiya; hupenyu hwedu muna Kristu hwakanga hwakagadzirirwa kuti tikurudzire mhemberero [1]yehurongwa hune kubwinya kwemunhu** ([1]**doxa**, chido, *maonero.)*

**1:13 Zvino imi** (V*ahedheni*) **zvakare mazozviona kuti muri pamwe maari maona [1]zaruro [2]yepfungwa dzaMwari. Inhau dzinofadza! Ruponeso rwako rwataurwa. Maringe nevimbiso yaMwari, Mweya Mutsvene unopa chisimbiso kuchokwadi chokutenda kwako, semhete yechisimbiso inoratidza chokwadi chegwaro. Uri maari!** *([1]Shoko, pfungwa kubva mu* ***logos****, yechokwadi. Shoko, [2]****alethea*** *rinobva pana* ***a*** *+* ***lanthano,*** *zvichireva kuva pachena.)*

**1:14 Mweya Mutsvene ndivo vanotibatanidza kunhaka yedu iyo yatakapihwa pamwe uye**

**yatakachengeterwa. Hurongwa hwaMwari hune kubwinya kwemunhu ndihwo dingindira remhemberero yedu.** (*[1]Kutsinhira, kana kurevesa kunobva pana **arabon** shoko rechiHebheru rinoreva kuruka, sevaviri vanobatana nokupana rubatso kana vimbiso. Vimbiso inomirira zvose zvinenge zvaitwa. Gwaro romutemo rinoratidza kuti zvakaitwa zvakakwana. Sokuti mhete inoratidza wanano.)*

**1:15 Ndine chivimbo chokuti munotenda kuti nhau yokutenda kwenyu pamwe norudo rwenyu zvinondikurudzira.**

**1:16 Zvino ndine mufaro nokuda kwenyu; pfungwa dzangu neminamato yangu izere nemi.**

**1:17 Ndinoshuwa kuti mutore kubva pachitubu; kuti Mwari waIshe wedu Jesu Kristu Baba vokubwinya vamutse mweya weuchenjeri pamwe nechizaruro mamuri [1]inoratidza muHurongwa Hukuru wamambo. Zvino ndinoshuwa kuti muzive nechizaruro zvavakaziva pamusoro penyu kubva kare!** *([1]zvavanoda kuita, **doxa,** kubwinya.)*

**1:18 Ndinonamata kuti pfungwa dzenyu dzizare nechiedza pamwe namaonero ane kurudziro; kuti muve nemufananidzo wokuita kwavo pavanokuona mavari kuti ugoziva kukosha kwako kwavari. Vatsvene vose ipfuma yavo uye ndivo mubayiro wokukunda kwavo** (*Tiri pfuma yaMwari pamwe nemupimo wepfuma iyoyo!)*

**1:19 Ndinonamata kuti muzive kudarika muyenzaniso yose kudzama kwesimba rake [1]kwatiri vanotenda. Kutenda kunoratidza kukwanisirwa kwatakaitwa muna Kristu.** *(Shoko diki rokuti [1]eis, rinotaura pamusoro pechinhanho chinosvikwa pakupedzisira)*

**1:20 Ndiro simba rimwe chete ravakaregedzera muna Kristu pavakamumutsa kubva kuvakafa vakamumisa zvachose musimba roruoko rwavo rworudyi mumatenga.**

**1:21 Zvisina magumo pamusoro pemasimba ose ari pamwe chete okutonga, chikuriri, umambo kana hurumende, anomiswa pamusoro pemazita ose angapiwa kuna ani zvake munguva ino kana mumakore achauya munguva isina magumo.**

**1:22 Ndinoda kuti muone izvi: akaisa masimba ose pasi petsoka dzake. Ndiye ari pamusoro pazvose. Ndiye musoro;**

**1:23 [1]Kereke ndiyo muviri wake. Kuzara kwehuvepo hwake kunozadza vose kunogara matiri ! Mwari havagoni kuonekwa kana kuzviratidza nenzira inopfuura iyoyi.** *(Shoko rinoti [1]**ekklesia**. rinobva pana **ek**, shoko rinoreva mavambo nguva dzose, pamwe na **klesia** kubva pana **kaleo**, kuziva nezita kupa zita rechipiri; naizvozvo "kereke" mufananidzo waMwari pamwe nomucherechedzo wake wemunhu akadzikinurwa.)*

**2:1 Mufananidzo wekwatakawanikwa naMwari. Takanga tiri mumuteyo werufu mumararamiro edu, tichigara pasi pemwero wehupenyu hwedu.** *([1]Chivi ndicho **hamartia**, shoko rinobva pana **ha+meros** kureva tisina pedu kana kuti tisina chikamu chedu.)*

**2:2 Tose taiva vamwe chete pamararamiro, takatorwa tichingosundwa, nemweya une simba rokuti tirarame maringe nezvaunoda kubudikidza nokusatenda.**

**2:3 Munguva yose iyoyo tose takanga takabatwa uye takaodzwa mumararamiro takateyiwa mukuchiva, tichisundwa nezvishuvo zvepfungwa dzedu, takabatwa mumitambo yohupenyu hunotongwa nepfungwa; zvakanga zvakaita sokuti takanga taberekwa nesimba rakatsveyama.**

**2:4 Zvose izvi hazvina kudzivisa rudo rwaMwari runoshamisa; vakadarikira nokutida zvine hudzamu humwe chete!**

**2:5 Ndiwo masunungurirwo atakaitwa nenyasha; chivi chakatisiya takafa kuna Mwari sezvitunha pamweya. Asi tisati taziva kana kutenda, tichiri vanhu vakafa muzvivi zvedu nomukushaya hanya, Mwari vakatimutsa pamwe naKristu. Chivi chakaratidza kufa kwatakanga takaita** *(murau wakazviratidza!)* **Nyasha dzinoratidza kuti tiri vapenyu zvakadii zvino.** (vhangeri rinozvitaura!). **Munhu wese asati azvitenda, asi Mwari vazvitenda, vakatiita vapenyu naye**

**pamwe chete zvakare takamutswa pamwe chete naye.** *(Hatina zvatakabatsira nazvo muruponeso rwedu! Hurongwa hwehumambo hwaMwari hwakapenengurwa muchakavanzika chevhangeri chinotaura nezvokubatanidzwa kwedu murufu rwaKristu pamwe chete nokumuka naye; Mwari vakationa tiri muna Kristu tisati tarasika muna Adhamu! [ VaEfeso 1:4 ] Mumararamiro akabatana aMwari, pakafa Jesu tose takafa. Mwari vakationa muna Kristu murufu nomukumuka tisati tazviona isu tiri ipapo! Vakataura nezvokumuka kwedu pamwe chete naKristu muna 800 BC [ Hosiya 6 : 2 ] )*

**2:6***(Mukubatanidzwa kwedu murufu rwake, )* **takava pamwe chete naye mukumuka kwake. Takasimudzirwa zvakare mukukwidzwa kwake kudenga kuti pave nokuenzana munzvimbo yomuchadenga matakagara pamwe naye musimba rake. Takamirirwa zvizere muna Kristu.** *(Kubatana kwedu naKristu kunotitsanangura, hakuzova chinangwa chedu chiri kure zvakare, chokushandira mukunamata kana musimba redu, asi kuti ndipo patinenge tichibva.) VaKorose 3:1-3)*

**2:7** *(Muchiito chimwe chete chokururama Mwari vakatiponesa kubva "mugomba" vakatiendesa kumusoro-soro. Zvino tava pano, takaratidzwa muna Kristu munzvimbo inodakadza! Kana nhorowondo yomunhu inosuwisa isina kudzivisa rudo rwaMwari rwunoshamisa,)* **Pafunge kuti iko zvino**

**nhoroondo yavanhu inosuwisa haina kukunda rudo rwakawanda rwaMwari** *(ramangwana risina magumo)* **kuti varatidze mukombe wepfuma yenyasha dzavo wakaratidzwa mutsitsidzavo kwatiri muna Kristu Jesu. Nyasha dzinoratidza huchapupu hwese hwekubudirira kwemuchinjikwa.**

**2:8 Ruponeso rwako harusi mubayiro wekugona kwako! Zvakanga zviri zvenyasha kubva pakutanga kusvikira kumagumo; hapana zvawakaita ipapa. Kunyange chipo chokutenda chinoratidza kutenda kwake!** *(Hauna kuvamba rutendo; kwaiva kutenda kwaMwari kubvira pakutanga! Kubva pakutenda tichienda pane kumwe kutenda, [ VaRoma 1:17 ] Ndiye chitubu pamwe nemhedzisiro yokutenda. [ VaHebheru 12:2] )*

**2:9 Zvino kana izvi zvose zvaigona kuitwa nemabasa ako api zvawo ipapo ungazvirumbidza zvako.**

**2:10 Takasikwa neurongwa hwake; vakatiumba uye vakagadzira muna Kristu. Tiri mabasa ake, [1]detembo rake.** *(Mwari vanoona kuratidzirwa kwaKristu matiri. Shoko rechiGiriki rinoreva mabasa ndiro [1]**poeima**.)* **Takakwana kuti tiite mabasa akanaka, takapiwa zvokushandisa kuti tiratidze zvizere kuti takafanana naye muzvose zvatinoita.** *(Mwari vakaita zvose zvinokwanisika kuti pave nokuratidzwa kwezvavari mukurarama*

*kwedu kwamazuva ose. Shoko rokuti* [2] ***proetoimatso,*** *rinoreva kuti Mwari vakagadzira mugwagwa wokuti titungamire samadzimambo, setsika dzakare kunyika dzoKumabvazuva dzokuti vanhu vaienda pamberi pamambo vachigadzira nzira kuti irurame kuitira kuti mambo vazofamba zvakanaka (Isaya 40:3-5 ).*

**2:11 Rangarira kwawakabva;** *(wakanga usina kufa pamweya chete asi) hakasi kare kwazvo* **apo makanga muchinzi hamusi vaJudha, tichitarisa hapana chakanga chiripo chaikubatanidzai navo. Vaikushorai nokuti makanga musina musina mucherechedzo wavo wokudzingiswa, uyo wakavapa mukurumbira!**

**2:12 Panguva iyoyo makanga makaiswa kure netariro yaMesiya; makanga musina kufanana navaIsirayeri. Makanga muchinzwa sokuti makanga musina chikamu pavimbiso yechiprofita, muchirarama hupenyu husina chekutarisira munyika yaiita sokuti kwakanga kusina Mwari.**

**2:13 Asi zvino zvanaka! Zvose zvashanduka; maona zvamuri muna Kristu. Zvaiita sokuti zvaiva kure zvava pedyo; ropa rake rinoratidza dzikinuro namavambo azvokwadi.**

**2:14 Muna Kristu ndimo mune humwe chete hwedu pamwe chete norugare pakati pavanhu vose; vakanyungudutsa tsananguro yose yokupatsanurana.** *(Zvatinoziva zvichaita kuti zvehondo uye nezvokurambana kwevakawanana zvipere!)*

**2:15 Pakuva munyama kwake, akaita kuti mitemo yose yaJudha ishayiwe basa maturo pakusimbisa upenyu hwemunhu namararamiro ake. Sezvo akafa rufu rwavanhu vose kuvengana nokusawirirana kwose kwakabviswa. Zvino rugare rwaanotaura runoratidza rudzi rutsva, rwakasikwa uye rukatsanangurwa muna Kristu, kwete mapoka maviri avanhu akapatsanurwa nemarudzi avo.**

**2:16 Mapato ose akamirirwa uye akayananiswa kuna Mwari mumuviri mumwe chete kubudikidza nemuchinjikwa. Vakadzosera pakare kuwirirana; zvose zvaipikisa zvakakundwa.**

**2:17 Pamamiriro iwayo, akazviratidza pachena, achitaura nhau dzakanaka dzorugare kumunhu wose; kune vose vakanga vakasiya kunze zviri pachena** *(maringe nevimbiso nesungano)* **pamwe chete neavo vakanga vagara vari pedyo** *(nokuva vaJudha kwavo).*

**2:18 Nokuda kwaKristu vaJudha naVahedheni vava nokukwanisa kusvika kuna Baba zvakafanana muMweya mumwe chete.**

**2:19 Magumo akajeka, hauchafinyamirwe somubvakure; wava paunofanira kuva pamwe uye wava chikamu chemhuri yepedyo pasina kufungirana kana kuzvidzana.**

**2:20 Hupenyu hwenyu zvino hwava kupa tsananguro yakakwana kumamiriro ezvomweya,**

**hwavakwa naMwari pamusoro pehwaro hwavaprofita pamwe chete navaapostori. Huchapupu hwokutanga hwechivakwa ichi hwakava Jesu Kristu, ibwe rinokosha repakona.** *(Ndiye huchapupu hwokutanga kuonekwa hwekudzorerwa kwemufananidzo pamwe nemucherechedzo waMwari pamunhu.)*

**2:21 Maari mumwe nomumwe wedu wose anokwana sokunge zvikamu zvakasiyana-siyana zvakabatanidzwa pamucheka mumwe chete** (*[1]hurukuro*)**, huchipa [2]kutsanangurwa kunoramba kuchiwanda pamusoro [3]penzvimbo tsvene yavanhu vakabatanidzwa muna She.**(*Shoko rokuti, [1] **Sunarmologeo**, rakabva pana **sun**, rinoreva kubatana, **harmo** rinoreva kuenderana, pamwe na **logeo** rinoreva hurukuro. Shoko rokuti [2] **auxano**, rinoreva kuwedzera kune kukura. Shoko rokuti [3] **naos**, rinoturikirwa sokuti nzvimbo yokugara inoyera kukunda dzose.)*

**2:22 Maari wakagadzirwa pamwe chete senzvimbo yaMwari yomweya yokugara. Uri kero yaMwari!**

**3:1 Hushumiri hwangu haupimwe nemakuriro akaita jere rangu. Ndakasungwa nenyasha dzake; Kristu Jesu ndiye muchengeti wejere. Ndiri pano nokuda kwenyu.** *(Nyasha ndidzo dzinopima hushumiri hwangu; jere rino harikwanise kuviga shoko rangu kubva kwamuri!)*

**3:2 Zvinozivikanwa kwose kwose kuti ndakapiwa shoko rinoratidza kuti imi Vahedheni muri muchipo chenyasha chaMwari.**

**3:3 Munofanira kunge makanzwa kuti chakavanzika ichi ndakachizarurirwa, muchiitiko chinoshamisa chakabvisa runyararo rwechakanga chakavanzwa kwenguva refu. Ndakambonyora nezvazvo zvishoma munguva yakapfuura.**

**3:4 [1]Mukuverenga mashoko aya muchawona [2]zvandinoona muchakavanzika chaKristu.** *(Shoko rokuti [1]**anaginosko** rinotaura pamusoro pemaonero okumusoro; kuziva zvakare, kuyeuka, kuverenga noruzivo. Kuona [2]sunesis, kubva pana **sun+eimi**, pamwe chete "Ndiri", sokunge kuerera kwenzizi mbiri)*

**3:5 Hakuna rudzi rwakapfuura rwakava nokunzwisisa kwakawanda** *(pamusoro pezvose zvinowanikwa munyasha)* **sokuratidzwa kwazvo muMweya kuvamiriri vavo vakaita kuti vimbiso yechiprofita ioneke zvizere! Vanhu** *(vanakomana vevanhu)* **vari kuzoona kuti shoko rechiprofita riri kuzadziswa mavari! Zvose zvakaoneka navaprofita zvatsinhirwa! Vaprofita (***vakaona izvi*

*zvisati zvaitika)* pamwe chete navapostori *(vari kuparidza izvi pari zvino)* vakapiwa mvumo muna Kristu.

**3:6 Donzvo rezvandinoona rinoratidza chokwadi chokuti vanhu vakawanda vava pamwe chete munhaka imwe** *(pamwe chete neIsirayeri)* **Tose tiri chikamu chomuviri mumwe chete muna Kristu. Nhau dzakanaka ndedzokuti vimbiso yaMwari inoshanda uye inokosha kuna vose.**

**3:7 Vhangeri rino rinotsanangudza hushumiri hwangu, ndinowana simba kubva muchipo chenyasha dzake!**

**3:8 Ndiri mutsvene wepasi-pasi.** *Nyasha dzake dzinoita kuti ndikodzere kuparidza pamusoro pepfuma iyi isina kudzidzwa nezvayo kumarudzi (Zvandinoreva zvinotsinhira chokwadi chokuti nyasha chipo kwete mubayiro wehunhu wakanaka)* **Nyasha dzake dzoga dzinoita kuti nditsinhire hukoshi husina kuwoneka kwaKristu kumarudzi!**

**3:9 Donzvo reshoko rangu nderokuita kuti vanhu vose vaone. Kuzarurwa kwechakavanzika chokusingaperi ichi ndiko kuratidza vanhu vose kubatanidzwa kwakanga kwakavanzika kare muna Mwari; Jesu Kristu ndiye hwaro hwekusikwa kwavanhu .** *(VaEfeso 1:4)*

**3:10 Chikuriri chimwe nechimwe chisingaonekwi uye nehurumende dzose munzvimbo yemuchadenga zvava zvapupu zvokuratidzirwa**

**kwezivo yaMwari. Kereke yakaita segirazi gobvu rinoparadzira hudzamu hwaMwari mumunhu.**

**3:11 Muna Jesu Kristu, Tenzi wedu kuziva zviri mberi kwemufungo waMwari kunozadziswa sokunge detembo.** *(Kuziva zviri mberi kwemufungo, zvichi**bva** pana, [1]pro-thesis,)*

**3:12Kutendakwakematirikunopahupenyuhwedu hunhu. Tinoungira uye tinotsanangura hurukuro yokumavambo pachena. Iye ndiye hwaro hwedu patinotaura kuvanhu vose vomunyika.** *(Shoko rokuti [1]**parrhesia** rinobva pana **para**, chivakamberi chinoratidza kuva pedyo,chinhu chinobva kunzvimbo ine simba,paine pfungwa dzokubatana kwenzvimbo yokugara, kumera kubva pamuvambi nomupi, zvichibva panzvimbo yakati, kuratidzakuti chiito chinotangira papi, kubatana kwakasimba; uye **rhesia**, hurukuro. Maari tinozviratidza takasununguka uye pachena. )*

**3:13 Hamuna chikonzero chokuti munzwe kunyadziswa kana kuzvipa mhosva pamusoro pezvinhu zvinonditambudza, asi inzwai kuremekedzwa!**

**3:14 Mushure mokukundwa nezvinotaurwa nenyasha, ndinopfugama namabvi angu noruremekedzo kuna Baba.**

**3:15 Mhuri yose kudenga pamwe napasi inobva maari, iye ndiye zita remhuri yavanhu uye anoramba ari iye muridzi wemarudzi ose.**

**3:16 Ndinoshuva kuti muzive zvamakagadzirirwa**

**naBaba, kuitira kuti muzive kukura [1]kwechinangwa chake, uye mugovandudzwa mukati menyu noMweya waMwari.** (*Shoko rokuti [1]**doxa** rinoreva mafungiro, chinangwa.)*

**3:17 Izvi zvichasimbisa rutendo rwenyu kuti mukwanise kubata zvakazara chokwadi chorugare rwaKristu mamuri. Makadzika midzi uye makavambwa murudo. Rudo ndirwo chitubu chenyu chisingaoneki sezvakaita mudzi wemuti kana hwaro hwechivakwa.** *(Hudzamu hwezvauri mukati hunodarika mipimo yose ingashandiswe kukutsanangudza.)*

**3:18 Rudo ndirwo dziva rako [1]resimba rinopfuura revanhu, [2]rinoita kuti uone vanhu vose vakanatswa mumaonero asingagoni kupimwa ohurefu nokupamhama kwerudo, uye nokudzamu hwokudzika nokureba kwahwo.** *(Shoko rokuti, [2] **katalambano, kata**, chinhanho chakasimbaradzwa; uye **lambano** rinoreva kubata, naizvozvo kubata zvachose, kunoreva kunzwisisa, kuita kuti chinhu chive chako. VaRoma 12:13. Garai makagadzirira zvakasimba kubata vaeni savatsvene; vagamuchirei nerudo seshamwari uye sevanhu vakaenzana nemi mukuwadzana. VaRoma 12:16 Kudzai vanhu vose norukudzo rwakafanana; hakuna munhu anokosha kupfuura mumwe. Asi mufambidzane nevanhu vepasipasi kwete vepamusoro-soro. Musazviendesa kure navanhu mupfungwa dzenyu. ["Muve nehanya zvechokwadi nevanhuwo zvavo." – J*

*B Philips]. Mukupamhama nokureba tinoona kukura kwerudo rwaKristu; kugamuchirwa kwerudzi rwavanhu. 2 VaKorinde 5:14,16. Udzamu hwerudo rwake hunoratidza kuti rudo rwake rwakatinunura sei kubva makomba okuodzwa mwoyo kwekugehena uye kukatitungamirira kumusoro sezviratidzo zvokukunda kwake. VaEfeso 2:5,6, VaEeso 4:8-10, VaKorose 3:1-4)*

**3:19 Ndinoshuva kuti mukwanise kuzivisisa rudo rwaKristu pamwero wakadzikisisa; kudarika zvingazivikanwa nokudzidza, kubata kwenjere. Maringe nokuziva uku Mwari vanowana kuzviratidza mamuri.** *(Kuitira kuti mugozara nokuzadzwa naMwari! Mukai mugoziva kuva pedyo kwake! Kuparadzaniswa kwava kusaona zvakanaka!, Humwe chete ndihwo hwakagara huri pfungwa dzaMwari. Anoshuva kuzviratidza nekubata kwako, izwi rako, huvepo hwako; anofara kugara mauri! Hakuna nzvimbo munyika yose kwaangada kugara!)*

**3:20 Tinomupemberera iye anotivandudza mukati. Zvino kukumbira kwedu kana kuti chiroto chedu chinonyanya kushamisa hachikwanise kuenzana nekukura kwepfungwa dzake pamusoro pedu.**

**3:21 Ndiye muvambi nemagumo ekubwinya kunoratidzwa [1]muekklesia, zvakaratidzwa muna Kristu. Maungira anoramba achinzwikwa kuzvizvarwa zvose, kwete kurudzi runo chete asi kumarudzi asingaverengeki achauya. Ameni!** *(Shoko rokuti, [1]**ekklesia**, kazhinji rinoturikirwa richinzi*

*kereke rinobva pana **ek**, chivakamberi chinoreva mavambo pamwe na **klessia** kubva pana **kaleo,** zvinoreva udana nezita, zita rechipiri; zvino **ekklesia** ndiwo mufananidzo wake pamwe chete nomucherechedzo wakadzikinurwa mumunhu.)*

**4:1 Chokwadi chokuti ndiri mujere hachikwanise napadiki kudzikisira kuziva kwangu kuti ndiri muna Kristu! Kurarama kwangu kwose kunotsanangurwa uye kunongova maari. Zvose zvaunoita zuva nezuva [3]zvinobva mukudzamirwa nechokwadi chezvauri maari.** *(Zvirokwazvo tiagere pamwe chete naye muchadenga! [ Vagaritia 2:6 ] Hapana chinodzivisa kana kupikisa chingadzikisira hupenyu hwangu kuti ndive nemamwe maonero. [1]Kuti ndifambe zvakafanira, se* ***axios****, kureva kuti kuva nohuremu kwechimwe chinhu, chine hukoshi hwechimwe chinhu. Kudanwa kwako, zvichibva pana [2]****Kaleo****, shoko rinoreva kupa zita rechipiri, kudana nezita, uyewo [3]****parakaleo****, kukurudzirwa zvichibva mukati kuti urarame hupenyu hwako chaiwo.)*

**4:2 Hunyoro pamwe nokupfava ndizvo zviri mauri, izvi zvinoita kuti uratidze hunyoro kunyange zvakaoma, muchinzwirana nevamwe mumararamiro anotongwa norudo.**

**4:3 Wakangwarira kuchengetedza humwe chete hwenyu mumweya. Tiri vasungwa vorugare. Tinosimbisa chokwadi chokuti kune muviri mumwe; uyewo kuti pane mweya mumwe chete.**

**4:4 Tinozivikanwa netarisiro imwe chete**(*tarisiro* )**; hakuna humwe hurongwa. Tine zita rimwe chete [1]rechipiri** *(Takadanwa,* ***kaleo****, kuziva nezita, kupa zita rechipiri .)*

**4:5 Takapihwa basa noMushandirwi mumwe**

**chete; tine kutenda kumwe chete, uye rubhabhatidzo rwedu runotaura zvimwe chete.** *(Kune kutenda kumwe chete! Kwete zvatinotenda nezvaMwari asi zvinotendwa naMwari pamusoro pedu! Rubhabhatidzo runotaura kuti tirimowo murufu nokumuka kwaJesu. Kutenda kwedu hakuvambi Mwari; kutenda kwake kunotitsangura.)*

**4:6 Kuna Mwari mumwe chete. Vanoramba vari Baba venyika yose. Tiri nokuti ivo vari. Vari muna vose; ari pamusoro pazvose, kubudikidza navose, uye mune vose.** *(Havasi kure nomumwe nomumwe wedu tose; maari tinogara pamwe tinofamba uye tinorarama. Tiri zvibereko zvake. [Mabasa 17:24-28])*

**4:7 Chipo chaKristu chinopa hwaro kunyasha uye kunotsanangudza hukoshi hwedu.** *(Nyasha dzakapihwa kune mumwe nomumwe wedu maringe nomupimo wechipo chaKristu. Mupimo mumwe, kukosha kumwe! Kukosha kwedu kunotsanangurwa nechipo chake kwete semubayiro wehunhu hwedu)*

**4:8 Magwaro anoti takatungamirirwa sezviratidzo mukukunda kwake kumusoro, [1]akatorazve chipo chake** *(kufanana kwake)* **mumunhu.** *(Tarisa VaEfeso 2 : 6, Uye takasimudzirwa pakuenda kwake kudenga kuti tive vamwe vakagamuchirwa kuchadenga uko kwatakagara pamwe naye muhutongi. Ndima yokuVaHebheru, Mapisarema 68:18;* ***[1]lakachta mattanoth baadam****, makatora zvipo mumunhu,*

*muna Adhamu [Zvipo zvinopihwa vanhu naJesu Kristu akazvigamuchira muvanhu, nokuuya kwake munyama. Chidzidzo chaAdam Clarke.] Takaberekwa patsva mukumuka kwake . 1 Petro 1:3, Hoseya 6:2)*

**4:9 Chokwadi chokuti akaenda kudenga chinosimbisa kukunda kwake paakadzika kumakomba okunetseka komunhu** *(Tarira Johani 3:13; Hakuna akaenda kudenga asi iye akabva kudenga, kunyange mwanakomana womunhu "Vanhu vose vanobva kudenga, tiri* [1]***anouthen,*** *zvichireva vakabva kudenga [Tarira Jakobho 1:17-18 ].)*

**4:10 Zvino ava nesimba rechikuriri rapamusoro-soro achibva kunzvimbo dzepasipasi kwakaburuka kuti atinunure tigoenda kunzvimbo yechikuriri kumatenga, mushure mokunge azadzisa chinangwa chake zvakakwana.** *(Munhu akanga awa zvino adzorerwa zvizere kuupenyu hwaakasikirwa. [Mapisarema 139:8 ] .)*

**4:11 Mwari zvavainazvo matiri chipo chakaputirwa chri kupiwa kunyika; vamwe vakatumwa kuvamba zvinhu, vamwe vane chipo chokuprofita, vamwe vaparidzi venhau dzakanaka, vamwe vafudzi vane chipo chokuchengetedza nokurera, vamwe vane chipo chokutanga dzidziso kubudikidza kutanga dzidziso kubudikidza neruzivo rwechizaruro** *(Vatakuri, vatauri, vadzidzisi nevakokeri - Rob Lacey)*

**4:12 Kuratidzirwa kwechipo chake ndiko kukwanisa vatsvene pamwe chete nokuita kuti**

**vagone kushanda basa rohushumiri kuitira kuti vagokwanisa kubatsira mumabasa avo, kupa tsanangudzo kumuviri waKristu unoonekwa.**

**4:13 Chinangwa chezvipo zvoushumiri izvi ndechokuti munhu wose aonekwe akaenzana nevamwe muhumwe chete hwokutenda; vachitenda zvimwe chetezvo zvinotendwa neMwanakomana waMwari uye vachiziva zvakakwana zvaanoziva pamusoro pedu. Takamira takatarisana takaenzana pamupimo [1]wekukwana kwaKristu.** *(Shoko rokuti [1]**pleroma** rinoreva hupenyu hwakazadzwa naKristu, sechikepe chakatakura zvinhu.)*

**4:14 Hupenyu hune njodzi hwaungararame ndihwo hwokusaziva. Wasiyiwa sekarusvava muchikepe chiri munjodzi kuine masaisai nemhepo dzehupenyu. Kunowira mujenya ndiko kunotonga zvichaitwa, ipapo dzidziso dzoekunyengedza dzavanhu neunyangeri hwadzo ndizvo zvinenge zvichifadza vanhu.**

**4:15 [1]Rudo rwunopa chokwadi inzwi. Hurukuro iyo inounzwa [2]nechokwadi inokurudzira nzvimbo yokuti pave nokukura pakarepo uye pasina mubvunzo. Munhu wose anowanikwa muna Kristu anova musoro womuviri; ndiye mhedzisiro yokutaura kwaMwari navanhu.** *("Kutaura chokwadi murudo" hachisi chinhu chokungosarudza kuita muhurukuro dzedu dzose, asi hapana zvimwe*

*zvokuita; chokwadi pachinozadzisa rudo, uye rudo parunokwezva chokwadi.i Rudo, [1]**agape** runobva pana **ago**, kutungamirira somufudzi anotungamirira makwai, pamwe chete na **pao**, kuzorora. Zororo raMwari rinopemberera kukwana kwedu; **agape** ndiko kuona kukosha kumwe cheteko kunoonekwa naMwari mumunhu wese. [2] Chokwadi chinoonekwa sezvachiri muna Kristu [ndima21])*

**4:16 [1]Kubva maari munobva mavambo pamwe chete netsanangudzo yokuumbwa kwedu samashoko enhetembo,** *([1]Somutungamiri wemimhanzi,[1]**epichoregeo**)* **zvinobatanidza chikamu nechikamu kuti pave nokuwirirana, pachiteverwa mutinhimira wepfungwa dzake sematsimba. Zvakadaro, muviri unokura zvakanaka nesimba rorudo. Shoko rimwe nerimwe rinokwaniswa ipapo.** *(Kereke haina kubvisirwa dzimwe nhengo dzayo, hazvinganzi muviri usiri kushanda, asi iri kushanda, yakabatana, uye inoda vanhu." – Rob Lacey)*

**4:17 Chikumbiro changu chikuru muna She ndechokuti: musave nechokuita noupenzi [1]hwevanhu vane pfungwa dzisina; mazuva okurarama hupenyu husina maturo akapera!** *(VaHedheni, [1]**ethnos**, vanhu vazhinji vanofamba vane pfungwa dzisina maturo.)*

**4:18 Hupenyu hwavo chaihwo hunoita sehusiri hwavo nokuti pfungwa dzavo dzakafukidzwa nomwoyo wakaoma unotongwa nokusaziva.**

**Vakapofumadzwa nokuona kwavo kunounzwa nezvavanonzwa panyama yavo, vakapfeka hubofu masikati machena.** *(Kuoma kwemwoyo kunokonzerwa nokusaziva nokuda kwepfungwa dzakavharwa nokusatenda [Tarisa 2 VaKorinde 4:4 ])*

**4:19 Mushure mekunge vagara hupenyu huri kure naMwari; vakaputirwa mumweya, zvakare vachisundwa neruchiva nemakaro, vakazviregedzera kumararamiro anonyadzisa.** *(Tarisa VaRoma 1:19-23)*

**4:20 Zvino zvakafana papi naKristu !**

**4:21 Hazvigoneki kuti munhu adzidze nezvaKristu neimwe nzira; ndiye akauya munyama, munzwe achirarama mauri. Chokwadi chako chiri muna Jesu.** *("Chokwadi sezvachiri muna Kristu. "Haana kuuya nemimwe mitemo yepasipasi; haasi muenzaniso kwatiri asi kuti muenzaniso matiri!)*

**4:22 Zvino wakasununguka kubvisa munhu wekare senguwo ine tsvina yasakara. Ruchiva rwakakuodza uye rukakunyengera kuti uipfeke.** *(Somunhu akapfeka nguwo kuti ave mune mumwe mumutambo, zvinhu zvenhema hazvisisina maturo!)*

**4:23 Vandudzwa mukatikati mepfungwa dzako!** *(Uchifunga zvakadzama pamusoro pechokwadi cheupenyu hwako sezvachiri muna Kristu)* **izvozvo zvichaita kuti urongeke patsva pamusoro pemaonero aunozviita!** *(Cherechedza kuti Pauro haatauri kuti, "Vandudza pfungwa dzako! "Shanduko*

*iyi inoitika mumweya wepfungwa dzako uchimutswa nechokwadi chakadzama kudarika dzidzo! Kazhinji taifunga kuti ruzivo rwaifanira kubva mumusoro ruchipinda mumwoyo; asi zvinoshanda nenzira inopikisa iyoyo! Muna Johani 7:37 Jesu anoti, "Munotenda kuti ndiri zvose zviri mumagwaro, saka muchaziva kuti muri zvose zvandiri, uye nzizi dzemvura youpenyu dzichabuda mukatikati menyu!))*

**4:24 Zvinyudze zvakazara mumunhu mutsva uyu akawumbwa naMwari akabva kudenga! Wakasikwa nomufananidzo pamwe nomucherechedzo waMwari. Ndizvo zvinoreva kururama pamwe nohutsvene.**

**4:25 Kunyepedzera nokunyengedza vamwe hwaive hupenyu hwakare; zvino chokwadi chinoramba chichikurudzira hurukuro dzako dzose. Tose tiri hama senhengo dzomuviri mumwe chete.**(*Zvinoreva kuti kunyengera vamwe kuzvinyengedza! Chokwadi chinoonekwa muna Kristu [ndima21]*

**4:26 Kunyange uchifunga kuti une chikonzero, usaite kuti kutsamwa kutonge zuva rako! Ukasagadzirisa zvinhu ipapo** (*muchiedza chokufanana kwako naKristu mauri)* zuva rinokunyurira uye zuva rako rova mukana wokuti rima rikusiye muchivi .

**4:27 Chivi chose chaunogamuchira kunenge kuri kupa mukana kuna dhiyabhori. Usamupa**

**nzvimbo yokuti ashandire ari.**

**4:28 Kana wakanga uri mbavha, hauchisiri mbavha. Tsvaga basa rokuti zvibereko zvaunoshanda zvive ropafadzo kune vamwe!**

**4:29 Pane kutaura kusina maturo, muromo wako wava chitubu chenyasha, uchipa kurudziro pamwe nesimbiso kune vose vari pedyo.**

**4:30 Mweya Mutsvene ndiye mhete yako yakabva kuna Mwari inosimbisa kuti wakadzikinurwa kuti urarame hupenyu hwako muchiedza chezuva; mararamiro ose erima anorwadzisa Mwari.**

**4:31 Tora nzvimbo yakasimba inopikisa kuita kwese kusina kumira zvakanaka muhupenyu hwako. Usazvitendere kuti uve neruvengo; kugumbuka kwehasha nokutsamwa hakusi kwako. Haufanire kudanidzira kuti unzwikwe. Vanhu vanofanira kudakadzwa nehurukuro dzako; naizvozvo mashoko enhema neanoparadza** (*ekumhura*) **hapachina!**

**4:32 Kurudzirwa netsitsi nengoni; kuregererana kwamunoit pamunogona kunzwa kunetsekana, zvinoratidzika nzira yatakabatwa nayo naMwari munyasha muna Kristu.**

**5:1 Uve mufananidzo waMwari; uri chibereko chavo.** *(2 VaKorinde 3:18)*

**5:2 Ndizvo zvazviri: rega rudo rwaKristu ruve hupenyu hwako; rangarira kuti akazviramba kwatiri. Rudo rwake runotapukira, kwete pasina chido, asi zvakanyanya. Rudo rokuzvipira runofadza Mwari sezvinoita munhuwi wakanaka womunyengetero.** *(Semafuta matsvene ekuzodza pamwe nezvinonhuwira, mabasa emunhu anogadzira zvinonhuwira, kuti zvigopiswa paaritari muchikamu chomukati metende rokusangana. [Ekisodo 37:25-29 ])*

**5:3 Rudo haruna kufanana neruchiva, mabasa ehupombwe, kana makaro. Kusavepo kwezvinhu izvi mumatauriro ako kunomisa mwero wakanakisisa wemararamiro.**

**5:4 Mutauro [1]wose wakaipa, kana kutamba nemashoko akaipa hakudikanwi; asi ita kuti kutenda nyasha kuve chikamu chehurukuro yako.** *(Shoko rinoti [1]**morologia**, rinoreva kusamira zvakanaka, kutaura kune kuwedzera.)*

**5:5 Hupenyu hwaKristu hunopa tsananguro yehumambo hwaMwari. Haugone kurarama hupenyu huri paviri. Kusabata vamwe zvakanaka kubudikidza nehupombwe, ruchiva pamwe namakaro zvakafanana nokunamata mufananidzo wako usina kukwana, izvo zvinova kunamata zvifananidzo.**

**5:6 Usava nechokuita neavo vanoshandisa**

**mashoko asina maturo kuti vagokukwezva nawo; [1]kusatenda kunobereka vanhu vanoshatisa kuvakwa kwavo somufananidzo waMwari; zvinhu izvi [2] hazvifadze Mwari.** *(Mashoko anoti [1] **uious tes apeitheias**, anoturikirwa achinzi kusatenda kunobereka vamwe vanhu; kwete vana vokusateerera sezvinorehwa nekumwe kuturikira. shoko rokuti, [2]**orge**, rinoreva kufara mupfungwa, kubva pashoko rokuti, **oregomai**, rinoreva kuzvitatamura kuti ubate chimwe chinhu, kusveerera kana kushuvira chimwe chinhu.)*

**5:7 Usatendera kuti kusatenda kwavo kuve nechikamu muhupenyu hwako.**

**5:8 Wakanga uripo panguva yakapfuura, wakabatwa murima rimwe chetero asi zvino wava chiedza; hupenyu hwako hunozivisa kuti chiedza chinotonga.**

**5:9 Goho rechiedza chomweya rinoonekwa mune zvose zvakanaka, zvisina chipomerwa, uye zvine kururama kwakajeka.**

**5:10 Zvinopa humbowo kuhupenyu hunofadza Mwari.**

**5:11 Usabvuma muhupenyu hwako zvose zvingabatanidze hupenyu hwako nerima; hazvina chiyamuro kwauri. Rega chiedza chibvise zvose zverima zvingava zvakasara mauri.**

**5:12 Kana ukanyeya mabasa anonyadzisa avanhu anoitwa muchihwande, unenge uchipa zvinhu**

**izvozvo mumwe mukana usina kukodzera.**

**5:13 Rima rinoshayiswa simba pane icho chinoratidzwa nechiedza. Chiedza chinodzinga rima.**

**5:14 Iri ndiro shoko rechiedza; Kristu anokumutsa kubva pamavato ako okudhakwa vagokumutsa kubva mumuteyo werufu wemafungiro akatapwa.**

**5:15 Tora mupimo wakajeka wohupenyu hwako; zviito zvehuchenjeri zvinokunda hupenzi.**

**5:16 Zivo inoshandura nguva kuti ive mukana uye inosunungura zuva rako kubva pakushaya basa.**

**5:17 Ita kuti hurongwa hwake hukuru huve chinhu chaunofunga nezvacho zvakadzama.**

**5:18 Waini haiite kuti munhu atize zvakaipa zvezuva iroro, asi mweya unoita izvozvo! Pinda mukudhakwa kwomweya!**

**5:19 Tauriranai mapisarema; tubukai nziyo dzemhemberero nemabvumira anokurudzirwa nomweya. Mumwoyo mako usarega nziyo idzi dzichimira; ramba uchibata Ishe nezevezeve rokunamata.**

**5:20 Nokuti unozivikanwa muZita raJesu Kristu, unogona kupfachukira nokutenda Baba, [1]zvisinei kuti chii chingaitika kwauri. Hausi pasi pezvingaitike asi uri pamusoro pezvingaitike nokuti uri maari !** *(Shoko rokuti, [1]**huper**, rinoreva kuti*

*zvisinei kuti, pamusoro pezvose, kudarika zvingaitika! Hatitende "noku" kwezvose sokuturikirwa kwazvakaitwa nevamwe, asi zvisinei kuti chii chiri kuitika)*

**5:21 Uchikurudzirwa nokusazvifunga kwawakaona muna Kristu, ratidza ruremekedzo rwakakwana kune vamwe.** *(Nzira yaakazviraba nayo nokuda kwaMwari pamusoro pedu [Ndima 2]. Tarisa VaKorose 1:24, Ndokusaka pasina mhando yokutambudzika ingadzivisa mufaro wangu. Kutambudzika kwaungasangane nako ndomumwe mukana wekudzosera pakare chauri kushayiwa (mukunzwisisa kwako ) kurwadziswa kwaKristu pachinzvimbo chomuviri wake unova kereke. (Zvisingafadzi zvinosangana naPauro pachinzvimbo chavatendi hazvisi kupamhidzira pane kutambudzwa kwaKristu sokunge kutambudzwa kwaKristu pachinzvimbo chedu kwakanga kusina kukwana, asi kuti kusimbiswa mutemo werudo rusina kuzvifunga ruinosunda hushumirwi hweTestamende Itsva.)*

**5:22** *(Wanano mufananidzo wokuwirirana kwavaviri)* **vakadzi zvipirei zvakazara kuvarume venyu sezvamungaita kuna Ishe.** *(Rangarira ndima 2: Rudo runotapukira, kwete pasina chido, asi zvakanyanya. Rudo rwechibayiro runofadza Mwari semunhuwi unofadza werumbidzo.)*

**5:23 Nenzira imwe cheteyo Kristu yaanopa ruponeso, kuchengetedzwa pamwe nokuzadziswa kukereke sezvinoita musoro pamuviri, murume**

**ndiye zvose izvozvo kune mudzimai wake.**

**5:24 Kereke inowana kuzara kwose kweruponeso, nokuzvipira zvizere kuna Kristu; zvakadaro mukadzi anofara nezvose murume wake anoratidza mukubatana kwavo.**

**5:25 Murume anoda mudzimai wake mufananidzo werudo rwaKristu kukereke rwakazara, uye kuzvipa kwake kwose kwatiri.** *(Izvi ndizvo zviri muwanano; inopemberera zvakatangwa nerudo, zvingava kubva kune murume kana mukadzi. Zvinomutsa kumwe kuzvipira padanho rinodarika basa kana mhosva.)*

**5:26 Kristu ndiye inzwi romutauro waMwari, rakanyudzwa mune ino hurukuro, mashoko ake erudo akatibereka uye akabvisa kusvibisa kwose kwechivi.**

**5:27 Mutauro uyu unoendesa kereke** *(mufananidzo nomucherechedzo wake wakadzorerwa pakare)* **kwaari, nekuzvitendera nomufaro pasina dziviso kana rangaridzo yakare yakasviba, hapana kusamira zvakanaka kana vanga rechivi rinosara, inomira pamberi pake asina chipomerwa** *(1 Madzimambo 6:7).*

**5:28** (*Munhu aikwanisa kusangana nezvakawanda pahupenyu zvinoita kuti awoneke zvakanaka maringe nemari kana kugona kukuru kunoita kuti vanhu vakupembedze; aigona kurovedza muviri wake kuti uve wakakwana.)* **Asi chinhu chinokosha chaangaita**

**kuda mukadzi wake.**

**5:29 Tarira kuti chingava chitadzo sei kuti murume angashora muviri wake, chimwe chacho ichokwadi! Ungazomburuza muviri wako.** *(Ndizvo zvose zvaunonzi haukwanise kuwana mumwe mutsva zvino uchengetedze tarira zvaunodya, uye uzvibate zvakanaka paunonzwa marwadzo.)* **Zvino bata shoko iri, uri muviri waKristu havangakuregeri, vanofara mauri!**

**5:30 Tiri nyama pamwe nebonzo romuviri wake; tiri mufananidzo nemucherekedzo wake. Tinopa chiratidzo chinobatika chake.**

**5:31 Wanano inoratidza kubata uku; murume anosiya vabereki vake anobatana nomukadzi wake; zvoreva kuti vari vaviri vave vamwe chete.** *(munzira imwe chete vakatisumudza kubva pakuberekwa kwedu kwenyama mukunzwisisa mavambo edu maari. Izvi vakazviisa zvakare mukuberekwa kwedu kutsva, kumuka kwake, uye kudzorerwa kwedu pamwe naye muchadenga. Zvinoreva, wakaunza kubata kune humwe chete, Mwari nomunhu vari mumunhu mumwe chete.)*

**5:32 Chakavanzika chewanano yakabudirira iwanano yaKristu pamwe nekereke, somufananidzo nomucherechedzo waMwari wakadzikinurwa mumunhu.** *(Kubatana uku ndikokunotsanangudza wanano pamwe nekereke.)*

**5:33 Mukupedzisa, hakuna ane chikonzero chokusada mukadzi wake semadiro anozviita,**

**panguva imwe chete mudzimayi zvino akasununguka pamwe nokusimbiswa kuti aremekedze murume wake mukuzvipira kumwe chete sekereke mukudavira kurudo rwaKristu.** *(Tinomuda nokuti iye wakatanga kutida! [1 Johani 4 : 19 ])*

**6:1** *(Kuzvipira uku kune mumwe nomumwe kunodarika pahukamahosehwatingavamahuripamwenokuvhenekera chiratidzo chohupenyu hwaKristu kutanga mumba wakambundirwa mukudziya kwavabereki;)* **nzira iyo vana vanodavira kuvabereki vavo humbowo hwekururama kwashe.** *(Zvino kururama kunotaura kuti vanhu vaviri vachiremekedzana mukufanana kwose.)*

**6:2 Zvino mutemo wokutanga unoreva kuti vana vanoremekedza baba pamwe namai.**

**6:3 Zvose mhando pamwe nenguvayako yohupenyu panyika zvinotsinhirwa nenzira iyo vana vonorarama pamberi pavabereki vavo** *(Kureba kohupenyu hakuna chirevo kunze kokuva pedyo muhukama!)*

**6:4 Vana baba, zvamunoita hazvisi kure nezvevana venyu** (*mukuvapa misengwa pamwe namabasa anovaremera kuita).* **Munofanira kumutsa pfungwa dzavo munzvimbo dzinobuditsa kugona kwavo munashe.**

**6:5 Rimwe danho rehukama ndere mwoyo wemutapwa kune muridzi wake; nokuti kuzvipira kwenyu kuna Kristu, zvino mava kukwanisa kupa vakuru venyu zvimwe chete, maringe norukudzo pamwe nokuzvipira.** *(Rangarirayi kuti tiri kutaura nezve kereke; hupenyu hwaKristu hunopemberera kuita korudo mukushandura nzvimbo!)*

**6:6 Zvino izvi hakusi kuyedza kuda kupfeka**

**chiso chokufadza muzvina wako, muri donzvo vatapwa kunaKristu, makatorwa nechishuwo chaMwari chokuzviratidza mauri; zvino hupenyu hokutapwa hwava hupenyu hwaKristu.** *(zvino hupenyu hunonzi "hwapasi" zvino unoratidzira hupenyu hwapamusoro.)*

**6:7 Ringava shomana basa, zvino ipa mwoyo wako pamwe nopfungwa dzako sezvaungaita kunashe; ndiye mambo wako, kwete munhu.**

**6:8 Zvinozivikanwa kuti hazvigoni kuti mabasa akanaka adarike asina kuwonekwa. Hapana mutsauko wekuti munhu akasununguka kana kuti mutapwa; chinhu chese chakanaka chinoratidza ruyemurwo rwaMwari.**

**6:9 Kana uri mambo; kuita kwerudo ndekwako zvakare mabatiro awunoita vashandi vako noruremekedzo pasina kuvatyisa, kunyange vakakanganisa. Tora kubva kuna Baba vako vari kudenga; havatongi vanhu kana mamiriro maringe nezvavanowona.**

**6:10 Mukupedziswa, maringe nedingindira rechinyorwa chino, ndinokukurudzira kuti uwane simba rako muna mambo; kubatana kwako naye ndicho chitubu chako chisina magumo.** *(Rangarira munamato wangu kwauri pakupera kwetsamba ino kuVaefeso:*

1:19 *Ndinonamata kuti muzive kudarika muyenzanisio yose kudzama kwesimba rake kwatiri vanotenda Kutenda*

*kunoratidza kukwanisirwa kwatakaitwa muna Kristu.*

1:20 *Ndiro simba rimwe chete ravakaregedzera muna Kristu pavakamutsa kubva kuvakafa vakamumisa zvachose musimba rorudyi rwavo mumatenga.*

1:21 *Mumitongo yose isina magumo, chikuriri masimba kana hurumende; unomiswa kudarika mazita ose nenguva kana makore achauya zvisina magumo.*

1:22-23 *Ndinoda kuti muwone izvi: vakayisa masimba ose pasi petsoka dzavo. Vanomira vari musoro zvose namapendekete pamusoro pazvose. Ndivo mosoro; kereke (dzikinuro yemufananidzo pamwe nemucherechedzo wavo mumunhu) muviri wavo. Kuzara kwezvavari kunozadza zvose kunogara matiri! Mwari havagone kuwonekwa kana kuzviratidza zvinodarika pamunhu.)*

**6:11 Zvinyudze zvizere mukuziva nekukosha kwechikamu chose cheshongedzo yaMwari.** *(zvizivise nezvose zvinoratidzwa nokukunda kwaMwari muna Kristu.)* **semamiriro echikamu chose chenguwo yemusoja inozadzisa nguwo yake kuti agadzirire kusangana nenzira pamwe nokuita kunoita pfungwa dzakawa dzingava paari** (*shoko rinoti,*[1]***methodeia***, rinoreva maitiro,* [2]***diabolos,*** *rinobva pana* ***dia****, nokuda kwe pamwe na* ***ballo****, kurwira pasi, kana kuwa komunhu; kupomerwa komunhu, rinowanzoturukirwa kuti dhiyabhori, mupomeri [Tarisa 1 Vakorinde 15:47] Hupenyu hwemunhu hwakadzikiswa kuhutapwa uye kuzvatinonzwa munyama maringe nokuwa kwaAdhamu asi tamuka kuhushe huri kudenga*

*hwechokwadi chomweya budikidza nezivo yokuva pamwe naye mukumuka kwaKristu [Tarisa VaKorose 3:1-11, Mirror translation]*

*Takadzidza pfungwa yokuti munhu "anozvarwa nechivi" sokunge vanhu vakawumbwa zvisina kunaka. Chokwadi ndochokuti mifungo yakapesana yatakatora kuna Adhamu iyo yatakasunungurwa naJesu. Takanga tiri vadariki mupfungwa dzedu, tichiita zvakaipa zvichikurudzirwa nomurawo wechivi norufu wakauya mumiri yedu tichichengeta zvisina kunaka, zvisiri zvedu. Sehosha inobatira kune munhu. [Isaya 55:8-11, Vaefeso 4:17-18, Tarisa Vaefeso 2:1-11 yeMirror Translation ])*

**6:12 Vanhu havasivo vavengi** *(vangava varume, vakadzi, vana kana vabereki, vatapwa, kana vana muzvina. Vangochengeta, pfungwa dzinokonzwa nomurawo budikidza nokusatenda kana kusaziva asi)* **kunangana kurwa zvisizvo. Tinoratidzira hukuriri hwekukunda kwaKristu mumweya muchadenga. Takamira ipapo** *(muna Kristu)***;** [1] **tinonanga mitambo yopfungwa pamwe** [2]**nezvimiswa zverima, pfungwa dzechitendero, kutonga pamwe, nokurayira kuita komunhu.** *(shoko rinoti, [1]**pros**, kuyenda, kureva kuyenda mberi, kufamba uchiyenda mberi, hakuna adzokera shure. Shoko rinoti [2]**poneros**, rinowanzoturikirwa kuti kuyipa; shoko iri rinoreva kurwadziswa, kune kushanda!*

*[Tarisa 1 Vakorinde 15:24] Kupedzisira kwebasa rake rorudzikinuro rinopemberwa mukuzvipira kwavo*

*mugoho rizere rokutanga kwavo kunaMwari Baba, vawunza [1]kupera murawo wemabasa waikurudzira tsanangudzo yehutongi pakuwa, sanganise [2]masimba, [3]zvikuriri zvose pamwe [4]nokukonzerwa mukugara. Vakapedza murawo wamabasa, kubva pana [1]**katargeo**, kubva pana **Kata**, kureva masimba, pamwe na **argos,** kureva kushanda kusunungurwa kubva mukuita kwedu kuzama kugadzirisa zvakakwaniswa muna Kristu. Masimba ose, [2]**arche**, kana vepamusoro, vanova, madzimambo vatongi, zvinosanganisira nzira yose yehutongi yokuti mumwe ari pamusoro pemumwe nokuda kwemaitiro avo.*

*Masimba ose, [3]**exousia**, kubva pana **ek**, kureva kuti kubva pamwe na **eimi**, "Ndini, munyanya iyi nokuda kwezvandinoita, ndinotsanangurwa nezvandinoita kudarika mumwe, naizvozvo, ndine chikuriri kwauri. Kukonzera kose mudunhu, [4]**dunamis**, kureva simba, munyaya ino, kuita kwako. Mamiriro emitongo yese mudunhu anounzwa pasi pechikuriri chenyasha apo hupenyu hwaKristu unotonga. Humambo hwaMwari masimba aKristu mumunhu, apo kururama kuri pakuti tisu vanani kwete nokuita kwedu; Apo murawo wemabasa waisundwa nokuda kwebasa pamwe nokupomerwa, murawo wokutenda unosundwa norudo, [ VaRoma 3:27, Vagaratia 5:6, 2 Vakorinde 10:12 ] Apo vanozvireya navamwe, vachizvipima navamwe, havana kunzwisisa.)*

**6:13 Zvinhu zvakakosha kuti uzvizivise nenguwo yose yaMwari. Wakakwana kuti**

**ukunde kurwiswa kwese kana kupikiswa zuva ripi zvaro, wakamira. Mazuva ayo murawo [1]wokuomerwa pamwe nokunetseka akapera!** *(Nguwo yaMwari inomirira zvavari; kukunda kwake kunokutsanangudza. Shoko rinoti, [1]**poneros**, rinoreva zvakaipa, kuzara nokuwomerwa, kunetsekana pamwe nokushanda. [Tarisa 1 Vakorinde 15:48] Mamiriro emunhu ekudzikisirwa akasiya dzvanga; zvino mamiriro emunhu akadzikinhurwa anozivisa mavambo ake muna Mwari oratidza hupenyu hwake hutsva kumatenga [1 Vakorinde 15:49] sezvatakanga tichizivikanwa panyama (mufannanidzo wedu wepasi pano ) tava kutsanangudzwa nomweya wedu [wodenga] mufananidzo.)*

**6:14 Tora nzvimbo yako : une chokwadi** *(chezvauri muna Kristu)* **chakakomba chiwuno chako sebhande remusoja, rakabata muviri wose pamwe chete** *(zvino nhengo dzako dzakachengetedzwa kuti muvengi asakutora nokuchiva pamwe nechivi chohupombwe.)* **Kurarama kwakavhara dundundu rako.**

**6:15 Unopfeka chishuwo pamwe nokuita kuparidza nhau dzakanaka seshangu dzokurwa** *(dzidzisa tsoka dzako).* **Zivisa rugare; hondo yakarwiwa ikakundwa .**

**6:16 Zvakakosha kuti uyise rutendo rwako seuta unovhara [1]munhu wose wokupa simba rokudzima rimi reuta wese ungaunzwa nomuvengi. Nzvimbo inowonekwa chete yako rutendo rwako chete**

*(shoko rinoti, [1]**thureos**, rinoreva uta wakaita segwani!)*

**6:17 Kufunga pamusoro pechokwadi chedzikinuro ndiyo ngowani yako inochengetedza pfungwa dzako; zvino wapa inzwi kushoko raMwari – ndiwo munondo wako womweya.**

**6:18 Tarira mberi mumunamato; kunyengetera mumweya kunosanganisa rudzi rwose rwomunamato, ungava munamato wokukumbira kana kutenda pamwe nokurumbidza kana kumirira vamwe vatsvene. Usaite kureva kose. Iva wakangwarira pakunzwa izwi romweya.** *(Munamato unodarika kungotaura kwemumwe.)*

**6:19 Kukumbira kwangu kwekukasika ndekwekujeka kwekutaura nguva yose yandinovhura muromo wangu ndichitaura; kuti mashoko angu agova chipo chinokurudzira, ndichinyatsojekesa chakavanzika chevhangeri.**

**6:20 Ndiri mumiriri ari mumangetani, ndakasungwa, kubasa rokutsanangudza zaruro yevhangeri mukujeka kwakafanira.**

**6:21 Ndinoziva kuti iyi haisi nhau chete. Kuchimbidza kwangu hakusi kwekutaura nezvangu, asi nezve shamwari nomubatsiri akatendeka Tayikikasi, achazokuzivisayi zvimwe.** *(Ndiye mumwe munyori wetsamba ino. )*

**6:22 Ndicho chikonzero ndamutuma kwamuri, kuti mugoziviswa nezvemamiriro ezvinhu**

**pamwe nokuzviona pamwe nesu.**

**6:23 Munamato wangu kwamuri ndewe hukama une kuwirirana, takabatanidzwa murudo nokutenda kunoyerera kubva kuna Mwari Baba pamwe naJesu Kristu.**

**6:24 Kwaziso yenyasha kunemi mose vanogoverana nesu humwe chete mukushuva kwedu muna Mambo, Jesu Kristu. Anowungira muAmeni yenyu.**

*(Pfungwa dzokurwa komweya, taura zvinyoro kuJerusarema umuchemere, kuti kurwa kwake kupere, kuti kutadza kwake kuregerwe! (Isaya 40:2 )*

*Message Translation: "…pakacheneswa, tsamba iya yakare yemhosva yakadzimwa ikaroverwa pamuchinjikwa waKristu vakapfekenura vose vana chamangwiza mumweya panyika kutora simba ravo pamuchinjikwa vakafambisa vakashama pachena! [VaKorose 2:14,15] )*

*Zvidzidzo zvekurwa komweya ndezvemukurumbira wekuvhiringa uya makereke mazhinji azvino anoita kuparidza dhiyabhori akakurirwa kare! Farao akabviswa panyaya apo Isirayeri yakadzikinurwa kubva kuIjipita! Akazova muvengi wavo apo vakaenderera nokutenda kumanyebo pamusoro pavo! [Tarisa Numeri 13:33] pamwe naJoshua 2:11]*

*Jakobho anoti munhu wepfungwa mbiri anozvinyengedza*

*Hapana Jesu kana mumwe weMabasa akafamba mumagweta achisunga "varume vakasimba" kana*

*kudurura mafuta pamusoro pezvivakwa kana nzvimbo! Zvino ngatiziviseyi pamwe nokurarama kukunda kwemuchinjikwa nekugutsikana!*

*Jesu, mushure mekunge anetswa navafarisi pamusoro pokuti humambo hwaMwari hwaizouya rinhi, akapindura, "Humambo hwaMwari hauwuye nokuverenga mazuva pakarenda."Message [Lk 17:20]*

*Humambo hwaMwari huri mauri!*

*Humambo hwaMwari chikururi chohupenyu hwaKristu, hupenyu hwedu wakadzikinurwa kuti titange ndiwo hupenyu hunobatika unofadza. Zvino nyika chawunga chakadzirira. Hupenyu hwako ndiwo shoko racho; Kristu ndiye hupenyu wako!)*